

# Kijan pou idantifye yon enimeratè

Nan mwa Jiyè, enimeratè yo kòmanse fè entèvyou nan kay toupatou nan peyi a pou kay ki pa t reponn apèl Resansman 2020 an sou entènèt, nan telefòn oubyen pa lapòs. Biwo Resansman Etazini an ap travay pou l mete a pwen koleksyon done li rekeyi yo pi vit li kapab epi nan plis sekirite li kapab, pandan l ap veye pou l bay yon kalkil konplè epi egzat epi pou l respekte lwa ak dat limit leta bay.

## Verifye badj yo

Tout anplwaye Biwo Resansman Etazini an yo will parèt ak yon badj idantifikasyon ofisyèl. L ap ge ladann:

- Non yo
- Foto yo
- Yon filigràn Depatman Komès
- Yon dat ekspirasyon

## Sa pou w chèche:




Yon ti valiz ofisyèl Resansman 2020



Telefòn Biwo Resansman an ba yo a

## Si w pa fin si, kontakte Biwo Resansman Etazini:

Si w mande, enimeratè a ap egzibe enfòmasyon pou w kontakte sipèvizè l, epi oubyen nimewo telfòn lokal sant resansman rejyonal Biwo Resansman an.

Sant resansman rejyonal an sipèvize aktivite tout enimeratè ki kadriye kominote yo, epi yo espesyalize yo nan reponn kesyon moun fè sou anketè yo.

## Kòman pou w evite vizit yon enimeratè:

Pi fò kay resevwa envitasyon pou patisipe nan Resansman 2020 an. Pi bon fason w ka evite vizit yon enimeratè lakay ou, se lè w konplete Resansman 2020 an sou entènèt, nan telefòn, ouvywn pa lapòs.

Konekte avèk nou:
**@uscensusbureau**

Pou plis enfòmasyon:
**2020CENSUS.GOV**

D-FS-GP-EN-500

**Fasone avni w KÒMANSE LA >**

United States® Census 2020